



Pou Piblikasyon Imedya: 05/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL PIBLIYE PWOKLAMASYON KI DEZIYEN MWA ME KÒM MWA POU AMERIKEN KI PI AJE YO

*Anonse ekspansyon nan limit revni pou benefisyè Medicare yo ka elijib pou  
pwogram epay Medicare la*

*Eta a pral devlope yon plan direktè konplè pou granmoun aje, ki chita sou estati  
New York kòm premye eta ki adapte pou granmoun aje, jan AARP deziyen*

*Li pwoklamasyon an [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te pibliye yon [pwoklamasyon](#) ki deziyen mwa me kòm Mwa pou Ameriken ki Pi Aje (Older Americans Month) yo nan Eta New York epi rekonèt benevola enkwayab granmoun ki pi aje New York yo ki fè plis pase 495 milyon èdtan sèvis kominotè chak ane pou yon valè ekonomik ki evalye a 13.8 milya dola.

"Mwa Ameriken ki Pi Aje yo se yon mwa pou selebre kontribisyon enkwayab Nouyòkè ki pi aje yo bay nan anviwònman sosyal ak ekonomik eta nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou onore granmoun ki pi aje nan New York yo pou kontribisyon yo epi ranfòse angajman nou an pou kontinye sèvi granmoun ki pi aje yo pandan y ap vyeyi, pou ede yo kenbe endepandans ak yon bon kalite lavi".

New York klase kòm katriyèm nan nasyon an nan kantite moun ki gen 60 ane oswa plis, nan 4.6 milyon. Rive 2030, popilasyon sa a ta dwe rive nan 5.3 milyon. Dapre Biwo Eta New York pou Granmoun Aje (NYSOFA), gen 935,000 moun ki gen laj 60 ane oswa plis nan Eta New York ki kontribye 495 milyon èdtan sèvis kominotè nan yon valè ekonomik ki se 13.8 milya dola. Swasant kat pousan moun ki gen laj 60 ane oswa plis posede pwòp kay yo epi yo pa gen okenn ipotèk, yo kontribiye dirèkteman nan baz taks lokal la, sipòte lekòl yo, biznis lokal yo, ak enfrasitrikti ki san bi likratif yo. Moun ki gen laj 50 ane oswa plis reprezante plis aktivite volontè, filantwopik, antreprenè ak donasyon nan peyi Etazini nan nenpòt gwoup demografik.

Pwogram sèvis pou granmoun aje New York yo fèt prensipalman atravè NYSOFA ak patenarya li avèk 59 Ajans Zòn pou Granmoun Aje (AAA) ak prèske 1,200 òganizasyon kominotè. Rezo sa a sèvi plis pase 1.3 milyon granmoun ki pi aje ak fanmi yo chak ane avèk plis pase 20 sèvis debaz ak lòt sipò nan kominote a, ki gen ladan swen pèsònèl,

transpò, sèvis legal, konsèy, jesyon ka, pwogram sant pou granmoun aje, sèvis repi, prevansyon kont abi sou granmoun aje, ak sèvis nitrisyon tankou distribisyon repa lakay, repa kolektif oswa lòt sipò nitrisyon.

**Direktè pa Enterim Biwo Eta New York pou Granmoun Aje a, Greg Olsen, te deklare,** "NYSOFA bat bravo pou lidèchip Gouvènè Hochul nan rekonèt valè granmoun ki pi aje yo ak konprann ke vyeyi se yon pwosesis ki dire tout lavi. Objektif nou se ankouraje yon anviwònman kominotè jeneral atravè Eta New York, ansanm ak yon estrikti sèvis ak sipò, ki bay opòtinite pou tout jenerasyon Nouyòkè yo".

**Komisè pa Enterim Depatman Sante Eta New York la, Doktè James McDonald, te deklare,** "Depatman an selebre Ameriken ki pi aje yo ak kontribisyon presye yo bay chak jou -- epi yo fèt pandan tout lavi yo - nan eta New York. Pou asire ke nou bay asistans enpòtan pandan Nouyòkè yo ap vin granmoun, Plan Direktè pou Granmoun Aje nou an pral gen ladan règleman ak pwogram ki garanti bezwen Nouyòkè ki pi aje yo, ki ka bezwen sèvis swen ak sipò alontèm, jwenn rekonesans epi satisfè. Gouvènè Hochul te toujou demontre lidèchip vizyonè nan anbrase inisyativ enpòtan sa a pou amelyore kalite ak aksè nan pwogram ak sipò enpòtan pou granmoun aje yo".

Gouvènè a te anonse tou plizyè inisyativ ki sou pye pou sipòte granmoun ki pi aje yo ak moun yo pandan tout lavi yo:

- Plan Direktè pou Granmoun Aje (MPA) Eta a ap rasanble ekspètiz kolektif 20 ajans eta ki gen ladan Konsèy MPA a, ansanm ak yon Komite Konsiltatif Pati Konsène yo ki gen gwo ekspè ak yon pwosesis opinyon piblik pou elabore MPA a. Yon gwoup sou-komite MPA yo te kòmanse rankontre nan mwa avril pou idantifye ak devlope plis inisyativ ki egziste deja ki adapte pou granmoun aje yo epi elabore nouvo inisyativ pou konsiderasyon. Chak sou-komite ekspè yo dedye a yon domèn enterè espesifik, ki gen ladan sekirite ekonomik, swen fòmèl ak enfòmèl, sante ak byennèt, sèvis nan kay ak nan kominote, lojman, ak sèvis ak sipò alontèm. Rekòmandasyon yo pral enfòmè yo rapò konsiltatif MPA preliminè ete sa a. Pwojè rapò final MPA a prevwa pou kòmansman 2024.
- NYSOFA ap devlope plan kat ane li a bay gouvènman federal la, ki montre kijan NYSOFA ak rezo li a pral adrese priyorite federal pou granmoun ki pi aje yo nan plizyè domèn enterè. NYSOFA ap planifye yon seri sesyon angajman piblik atravè eta a sou plan kat ane a. Nan sesyon sa yo, NYSOFA pral pataje rezilta yon sondaj evalyasyon kominotè konplè nan tout eta a ki te jenere plis pase 20,000 repons granmoun ki pi aje yo bay sou bezwen ak priyorite kominote yo pou vyeyi avèk siksè.
- Eta New York te elaji limit revni pou benefisyè Medicare yo pou yo ka elijib pou Pwogram Epay Medicare (MSP) la. Limit kalifikasyon revni pou 2023 se 2,280 dola pou yon moun ak 3,077 dola pou yon koup. MSP ede granmoun ki pi aje ak moun ki andikape k ap viv avèk revni limite nan peye prim Medicare Pati B yo epi otomatikman enskri yo nan Èd Sipleman. Asistans finansye sa a kapab yon mwayen sekou pou moun ki enskri yo, sa ki pèmèt yo kenbe kouvèti Medicare

yo, jwenn aksè nan swen ki nesesè yo, epi peye lòt nesesite yo. Yo estime pwogram ki fèk elaji a pral ekonomize benefisyè yo an mwayèn jiska 7,000 dola chak ane. Gen yon aplikasyon ki disponib sou sitwèb Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)